Ассаламу гӀалайкум!

# Ахихъан

№ 12 (7256)
2017 сон 17 март
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аслиял суалалгун



I3 марталда райадминистрациялда букӀана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Повесткаялда рукӀана гӀемерал кӀвар бугел суалал: район цебетӀеялъул, инфраструктураялъул, экономикаялъул, культураялъул, гӀолилазул политикаялъул, информационнияб хъулухъалъул, ЗАГСалъул хӀалтӀул, опекаялъулгун попечительствалъул, саназде рахинчӀел лъималазул ихтиярал цӀуниялъул ва цогидалъулги.

Данделъи бачана ГӀ. НурмухӀамадовас ва гьес байбихьудаго лъазабуна районалда районазда гьоркьосеб РДялъул ОВИР УФМС рагьизе букӀиналъул, гьелъ рес публикаялъул I0 районалъе хъулухъ гьабизе букӀиналъул. ГӀиса НурмухӀамадовас бихьизабуна Шамилькъала поселок бугин районалъул центр ва гьеб кинабго рахъалъ цебетӀезабизе кколин, гьенир хадурккунги рагьизе ругин районазда гьоркьосел централ ва отделал, республикаялъул ва улкаялъул кӀвар бугел организациял гьединго ведомстваби.



Хадубги совещаниялда бицана районалъул нухазул бугеб хӀалалъул, муниципалитеталъул бюджеталъул, цӀиял объектал раялъе инвестициял рачӀинариялъул, туризм цебетӀезабиялъул ва гӀемераб цогидалъулги.

Лъай кьеялъул процесс унеб бугеб куцалъул бицана гьелъул жавабияв Л. МухӀамадгӀалиевас. «ГьабсагӀаталда хӀалуцадго унеб буго ЕГЭялде хӀадурлъи, киса-кирего тӀоритӀулел руго хӀалбихьиялъул экзаменал, гьезда бараб букӀуна аслиял предметазул экзаменал бергьенлъиялда кьезе бажари»,-ян бихьизабуна гьес.

Гьединго совещаниялда суал борхана Дагъистаналъул цӀа гӀадав революционер, ритӀухълъиялде халкъ ахӀарав оратор, нилъер ракьцояв Мах1ач Дахадаев гьавуралдаса I35 сон т1убай кӀодо гьабиялда хурхун культураялъул учреждениязда гьаризесел тадбиразул. БетӀерас бихьизабуна М. Дахадаев республикаялъего кӀвар бугев инсан вукӀиналъ тадбир гӀуцӀадго иналъул кӀудияб кӀварги буги́н.

ТӀуразарулел тӀадал ишазул иналъул бицана саназде рахинчӀел лъималазулгун хӀалтӀи гьабулей П. НурмухӀамадовалъ. «Гьеб рахъалъ киналго захӀмалъаби ругел «точкаби» хӀисабалде росун руго ва гьезда сверухъ хӀаракатаб хӀалтӀи гьабулеб буго»,-ян бихьизабуна гьелъ.

Совещаниялда рорхарал киналго суалазда хурхун ккоелезе тӀадкъаялги кьуна.

Терроризм

## Унго-унгояб тарбия кьеялде тӀаделъизин



I3 марталда райадминистрациялда тӀобитӀана терроризмалда, экстремизмалда данде чӀеялъул комиссиялъул данделъи. Гьениб гӀахьаллъи гьабуна РДялъул БетӀерасул кумекчи, РДялъул МугӀрузул территориалияб округалъул АТКялъул вакил Сайпудин Сайповас.

Совещаниялда аслияб кӀвар бугеб суал лъун букӀана районалда тӀоритӀулел тадбиразда терроризмалъул идеологиялда данде чӀолел плановиял ва кидагосел комплексниял хӀалтӀаби гьариялъул суал. Гьенив кӀалъарав М. ХӀамзатовас бихьизабуна терроризмалде данде чӀеялъул хӀалтӀуда хурхун специалистазе цӀикӀкӀараб методикияб кумек гьабунин хӀалтӀи гӀуцӀиялъул ва цебе бачиналъул мурадалда РДя лъул БетӀерасул кумекчияс,-абун. Гьединго Сайповас бихьизабуна РДялъул БетӀер Р. ГӀабдулатӀиповас бихьизабулеб бугин жеги хӀаракатчилъизабизе кколин бакӀалъулал органаз гьел суалазда хурхун хӀалтӀи, гӀемераб хӀалтӀи гьабизе ккилин гӀолилазда гьоркьоб гьел ВатӀан бокьиялъул рухӀалда куцаялъе, унго-унголъунги ВатӀан гьезие бокьизе, батӀи-батӀиял такъсириял ишазде гьел риччангутӀизе, республикаялъеги улкаялъеги пайдаяллъун гьел гӀезариялъе,-абун.

## Сессиялъул заседание



**I4 марталда букӀана муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул заседание. Гьенир гӀахьаллъана районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадов, гьесул заместителал М. ХӀамзатов, С. АрулмухӀамадов, М. ХӀасанова, росабазул бутӀрул ва цогидалги. Заседание бачана районалъул Собраниялъул пред. К. Асадулаевас.**

**Балагьиялде росун рукӀана:**

I. РДялъул «Унсоколо район» муниципалияб гӀуцӀиялъул 2017 соналъул ва 2018-2019 плановиял сонazеги бугеб бюджеталъул хӀакъалъулъ»

2. «Унсоколо район» МОялъ 20I6 соналъул бюджет тӀубараб куцалъул».

3. «20I6 соналъул I4 сентябралда букӀараб районалъул депутатазул Собраниялъул № 32 бугеб хӀукмуялда хиса-басиял гьари».

Депутатазе саламги кьолаго ГӀ. НурмухӀамадовас бихьизабуна Собраниялъул депутатал ругин халкъалъ тӀаса рищарал гӀадамал, гьезул хӀукмабазда бараб букӀунин районалъул киналго бутӀаби церетӀезариялъул ищ,- абун. «Дица гьарула нужеда кӀвар кьун балагье нужедаго тӀадал ишазухъ, нужеда божарал гӀадамазул ургъел гьабе ва кинабго гьабе районалъул гӀадамазул лъикӀаб, гӀодобе биччараб гӀумро букӀинабиялъе». –Районалъул гӀумроялъулъ гӀемерал лъикӀал хиса-басиял кколел руго. Гьеб ккола нилъер цадахъаб хӀалтӀул хӀасил,- ян бихьизабуна хадубги бетӀерас.

Балагьиялде росарал суалаздасан кӀалъана экономикияб рахъалъ бетӀерасул зам. С. АрулмухӀамадов. Гьес бихьизабуна араб соналъул бюджет тӀубазабулаго гӀемерал нилъеда рачӀел захӀмалъаби дандчӀванин. «Щибаб соналъ дагьа-макъабго дагьлъулеб буго дотация. 20I6 соналда бюджеталъул цо къадар нилъее щвезего гьечӀо, гьелъ бюджет тӀубаялъе гӀезегӀанго санагӀат бахъи гьабуна. Бугониги план тӀубана 99,5 проценталъ. Гьедин бюджет тӀубаялъе гӀемераб хӀалтӀи гьабуна райадминистрациялъул жавабиял гӀадамаз.

Заседаниялда цӀикӀкӀараб къадар гьаркьалги кьун 2017 соналъул бюджет къабул гьабуна.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 12 (7256)*

*17 март 2017*

*3 гъумер*

Хасал гIадамазе чIорого дараби кьеялъе, медицинаялъулаб кумек гьабиялъе 2017 сонална Дагъистаналъе биччалеб буго 223 миллионгун 513 азарго гъурущ. Гьел хIажалъаби тIуразелъун, федералияб бюджеталдаса Россиялъул субъектазе кинабниги бичкан буго 31,609 миллиард гъурущ.



Нижер гара-чIвари

**ХIамзатов ГIали ГIусманович**

# Нижер мурад - кколесе лъикIаб хъулухъ щвей

**Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб политикаялъул бищунго приоритетнияб рахъ ккола социалияб рахъалъ гIадамал цIуни. ТIолабго улкаялдаго аза-азар гIадамаз хъул гьабулеб бугелъулха пачалихъияб кумекалде. Гьединлъидал муниципалитеталъул щибав гIадатияв чисул хъаравуллъиялда ва критикаялда гьоркь буго гьабсагIаталда социалияб рахъалъ хъулухъ гьабулезул хIалтIи. ГIадамазул гIемерисел суалал рукIана коммуналиял, лъималазул пособиялда ва цогидалги выплатабазда хурхун. Гьел суалаздасан нижеца гара-чIвари гьабуна районалъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул нач. ХIамзатов ГIали ГIусмановичасулгун.**



**-ГIали ГIусманович, гIадамазул кинаб категориялъе нужеца хъулухъ гьабулеб ва кинаб кумек гьезие щолеб?**

-Жиндирго компентенциялда рекъон нижер социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул Управлениялъ хъулухъ гьабула хасал гIадамазул категориял социалияб рахъалъ цIуниялъул мурадалда. Гьел ккола: ВОВалъул инвалидал ва гIахьалчагIи, гьезда бащалъарал;

- чIваразул, (хваразул) ВОВазул хъизанал;
- радиациялъул аварияzул ва балагьазул къварилъаби лъугIизариялъул гIахьалчагIи;
- захIматалъул ветераналъ;
- тылалъул захIматчагIи;
- политическиял репрессиязул къурбанал;
- реабилитировать гьарурал;
- гIаммаб унтул инвалидал;
- рагъулал ишазул ветеранал (инвалидал);
- гIемерлъимал ругел хъизанал, (3 ва цIикIкIун саназде рахинчIел лъимал ругел);
- росдал специалистал (педагогическиял хIалтIухъаби, медхIалтIухъаби, соцхIалтIухъаби, культхIалтIухъаби, ветхIалтIухъаби).

Гьел категориязул щибав чиясе республикаялъул ва федерациялъул бюджетаздасан законалда рекъон щола данде ккoлеб къадар кумека лъул. 2017 соналъул тIоцебесеб февралалдаса нахъе районалда льготаби щолезул къадар бахуна 6826 чиясде (хъизаналъул цогидал членалги ма лъун – 12563; лъималазе пачалихъияб пособие щолезул къадар бахуна 2163 чиясде (4697 лъимер).

**- Бищунго гIемер кинал суалалгун нужехъе гIадамал рачIунел?**

- Бищунго гIемер батIи-батIиял суалалгун рачIуна рагъулал ишазул инвалидал, гьеби рукIарахъинада шартIал чIезариялъе нахъе рецIизе кколарел субсидияздa хурхун. Гьеб ккола РДялъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул ва захIматалъул Министерствалдасан, федералияб бюджеталъул гIарцудасан щолеб кумек. Гьеб щвезе ихтияр буго рагъулал ишазул ветераназе, инвалидазе, 2005 соналъул I январалда районалъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул учеталде муниципалиял районазул администрациялъ лъурал. Гьеб датаялдаса хадуб учеталде росаразе кумекал гьарула гIаммаб куцалда РФялъул жилищнияб кодексалда рекъон. РДялдаго лъагIалида жаниб 60 чиясе щвезе рес буго гьеб субсидия. Гьединго гIемер руго гIарзал ВОВалъул чIваразул (хваразул) гIахьалчагIазул хъизаназул гьеб ра хъалъ кумек щвеялъе.

**- Кинал хиса-басиял ккарал нужер сфераялъул законодательствалда араб сонала, кинал хиса-басиял рукIине бегьулел гьаб соналда?**

-Ахирияб заманалда гIемерал рихьизарял руго социалияб рахъалъул законодательствалда, хасго гьел руго республикаялъул управлениялда. Гьелъул аслияб магIна ккола; социалияб кумека лъул гIадамазе гьеб щвезе рес буго хIажалъиялда ре кьон, ай рес къотIаразе, жидер рокъобе бачIунеб гIарац РДялда бугеб прожиточнияб минимумалдаса тIаде инчIеб. Социалияб кумек щвезе къваригIарал гьединал гIадамаз ракIаризе ккола хъизаналъул доход бихьизабулел тIадеги справкаби ва баянал. Гьелъ гIемерисезул суалал рижула гьел ракIарулаго бихьулеб гIакъубаялда ва щолеб гIарцул къадаралда бан.

**-ХIакъикъаталдаги гьелда хурхун руго гIарзал гьабсагIаталда гIисинал лъималазул эбел-инсул. Гьезул рагIабазда рекъон, лъималазул пособиязулги ясли-ахазде ракIарулел компенсациязулги къадар батIи-батIияб буго. Щибаб кварталалъ ракIаризе ккoлел руго выплатабазе справкаби. Гьелъ эбел-инсуца инкар гьабулеб буго социалиял выплатабаздаса. Гьеб битIараб бугищ?**

- Ясли-ахикье кьолеб компенсациялъул суал рекъезабула РДялъул Лъай кьеялъул Министерствалъ. Ниж руго цохIого-цо выплатаби кьеян рачIарал гIадамазул кинабго рахъги лъазабун категория чIезабулеб орган. Кколезе кьола нижеца рес къотIарал ругилан ясли-ахикье кьезе справкаби.

**-Кин бугеб коммуналияб гIарац кьеялъул иш?**

-Ахирисеб кIиябго сонала жаниб республикаялъул бюджеталдасан гIарац кватIун бачIунеб буго. Гьедин жакьа къоялде «коммуналияб» налъи лъугьун буго кIиго моцIалъул, гIарцул къагIидаялъ абуни гьеб ккола 20 млн. гъурущ.

Щибал моцIаз кьолел гIарцулал выплатабазул ветераназе кьезе буго 2722 азарго гъурущ, (выплатаби къун гьечIо 2016 соналъул сентябрь, 2017 соналъул февраль), тылалъул захIматчагIазе – 379,2 азарго гъур., (къун гьечIо 2016 соналъул сентябрь ва 2017 соналъул февраль), реабилитированиязе - 31,4 азарго (къун гьечIо гьединго 2016 соналъул ноябрь, 2017 соналъул февраль). 2017 соналъул I марталде лъималазул пособиязул налъи гьечIо.

КватIун щунги щвезе руго кколезе гьел пособиял, гьел кьола республикаялъул бюджеталдасан. ТIадеги баян гьабилин гьел выплатабазул налъи Дагъистаналдаго бахун буго 2 миллиард гъурущалде.

**-Нужер хIалтIухъабаз рокъоре ун хъулухъ гьабулищ инвалидазе ва цогидалги кумек хIажатазе?**

-Социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъ хъулухъ гьабуларо рокъоре ун, гьединазе районалда буго социалияб рахъалъ комплексияб хъулухъ гьабулеб учреждение, рес гьечIел лъималазе реабилитационнияб Центр. Нижеца абуни гIадамазул гIарзазда рекъон хъулухъ гьабула.

**-УСЗНалъул хIалтIухъабазул хасияталъулъ кинал качестваби рукIине ккoлел?**

-УСЗНалъул хIалтIухъан ккола гIадамазулгун лъикIаб бухьен ккезе кколев пачалихъалъул вакил. Гьезие кутакалда хIажалъула чиясдехун сабру букIин ва адаб гьабизе бажари. Гьел ккола приоритеталъул качестваби. Гьединаллъун рукIине хIаракат бахъула нижер коллективалъул щивав хIалтIухъанас

**-Баркала гара-чIвариялъухъ!**

Полезные советы

# Гигиена и здоровье школьника

Всем взрослым известно, что здоровье человека напрямую зависит от соблюдения правил гигиены. Поэтому эти знания нужно доносить детям с раннего возраста, чтобы в будущем не возникало нежелательных проблем. Часто дети не понимают, насколько важно следить за собой. Поэтому родители и педагоги обязаны проводить соответствующие беседы и воспитательные работы, которые касаются здоровья школьников. Если говорить о школьных занятиях, то частота их проведения зависит от возрастной категории детей: если это малыши 1-4 классов, то подобные уроки могут быть раз в 1-2 недели, для старших учеников педагоги устраивают лекции раз в 1-2 месяца. Целью таких занятий является ознакомление учащихся с правилами охраны здоровья и развитие навыков личной гигиены. Стоит отметить, что школьными занятиями обучение правилам гигиены обходиться не должно. Родители, как никто другой, должны приложить максимум усилий для объяснения этих правил.

В чем же заключается личная гигиена школьника? Данное понятие означает совокупность определенных правил гигиены, которые способствуют укреплению и сохранению человеческого здоровья. К понятию личной гигиены относят режим дня школьника, правильное питание, правильное распределение физических и умственных нагрузок, гигиенические требования содержания места проживания, личного тела, одежды и белья. Следует приучать школьника к ежедневным водным процедурам, которые заключаются в умывании, чистке зубов и принятии душа. Так, умываться рекомендуется в проточной воде, чистить зубы и принимать душ — дважды в день (утром и перед сном) . За день кожа человека вырабатывает достаточное количество кожного сала и пота, которые имеют неприятный запах и закупоривают поры. Вследствие этого кожа перестает дышать, в ней нарушаются защитные свойства, потоотделение, теплообмен.

**(Продолжение 4 странице)**

Баркалаялъул кагъат

# Унго-унгояй махщелчIужу



Ниж, Шамильхъала поселокалъул № 9 «Сказка» ясли-ахалъул чIахIиязул «А» группаялъул лъималазул тарбия щолезул эбел-инсуца ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула гьеб группаялъул тарбиячIужу Иманшапиева ПатIимат ХIамзатовналъе, унго-унгояб махщалихъ, лъималаздехун бугеб эбелалъулаб бербалагьиялъухъ, ракI ва намус бацIцIадаб захIматалъухъ.

Рагьун загьир гьабизе бокьун буго гьелдехун бугеб разилъи. Ясли-ахалдехун гьелъул бугеб ракI унтараб бербалагьиялъул хIасилалда нижер лъималазе ясли-ах лъугьун буго кIиабилеб рукъалъун, гьел бигьаго ругьунлъана коллективалда гIумро гьабизе, захIмалъабазукьа хIинкъичIого лъай-бажари босизе. Гьелда бигьаго бажарула творчествалде лъималазулъ гьира бижизабизе, захIмалъаби къвинаризе гьел ругьун гьаризе. ПатIиматица хIурмат гьабула гьезул жигарчилъиялъул, гьелъ гьира борхизабула гьитIичазул, щибаб лъимадул рекIелъе батула нух.

ПатIимат ХIамзатовналда бажарула щибаб тадбир праздникалде сверизабун. Гьелдаса хIайранлъун рукIуна лъималги, эбел-эменги, тIаде рачIаралги. ПатIиматил творчествалъул фантазиялъе ва махщалие ахир гьечIо. Пемерисел ПатIимат Иманшапиевалъул пикрабазда рекъон лъола неординарниял постановкаби, гьел рукIуна хIажатал ва района лъул масштабалъул тадбиразда рекъарал, гIадамазул лъикIал эмоциялгун гьими бачIинабулел.

Гьединаб иргадулаб тадбир букIана 8 марталда руччабазе лъималаз бихьизабураб цереррахъиналдаги. Гьенир рукIана кучIдул, кьурдаби «Семеро козлят и серый волк» постановка, кидаго балагьаразда кIочонареб гIадаб эбелазе сайгъат гьабураб, гьитIичазги эменазги цадахъ гьабураб берцинаб кьурди.

ХIурматияй ПатIимат ХIамзатовна! Изну кье, Дуе, нижер рахъалдасан талихI, сахлъи, битIккей гьаризе.

**«Сказка» ясли-ахалъул «А» группаялъул гьитIичазул эбел-эмен**

**ГIинтIаме!:**

# Полиомиелитеталде данде - привывкаби

РДялъул санэпиднадзоралъул бетIерай врач Э. Омариевалъ лъазабухъе республикаялда полиомиелиталде данде привывкаби гьаричIел, гIумроялъул I4 соналде рахинчIел 894I лъимер буго. Гьел гьаричIого хутIиялъе гIилла буго эбел-инсуца инкар гьаби. ХIинкъи буго республикаялда гьеб унти тIибитIиялъул.

Гьединлъидал Федералияб законалъул 5I статьялда рекъон I999 соналъул 3 марталда къватIибе биччараб, № 52 бугеб «О санитарно-эпидемиологическом благополучии населения» ва гьебго законалъул I0 статья лъул «Об иммунопрофилактике инфекционных болезней», гьединго цогидалги хIукмабазда рекъон росабазул бутIрузе лъикIаблъун бихьизабулеб буго муниципалияб районазда, шагьаразда, росабалъ полиомиелитеталде данде привывкаби гьаризе.

# Пришельцазул хIалтIул хIасил

Лъалеб букIахъе I990 соназда Россиялъул ва цогидалги улкабазул территориязда нус-нус свериги бахъун, жалго тIад чIарал ракьазда горсвериялги толаго пришельцаз сапарал гьарулел рукIана. БукIана сообщениял гьез Бакъул свериялда тIад гIумро бугеб



I0 планета гьабулеб бугилан. Гьел лъугьа-бахъиназул цIех-рех гьабуна Россиялъул гIалимзаби Ю. Бабиковас ва Б. Тайловас.

Атлантическияб океаналъул тIиналдаса пришельцаз грунталъулаб ракь баччун унеб бугилан харбал рукIана. ЧIегIерракьазул лъикIалщинал ракьаздаса роржунел тарелкабиги рачIун хIалбихьиязе ракь босун унаан. Инопланетянал щвана Тамбовалъул, Воронежалъул областазде, Краснодаралъул ва Ставрополалъул краязде, Азиялъул республикабазде. Кинабниги гьел бакIаздаса ана I млн. куб километр ракьалъул. ХIалтIи унеб буго щибниги жо гIадамазда лъачIого, амма гьелъул хIасилал лъалел руго жакъа къоялде.

Гумузул капитаназда бичIчIулеб букIана бицун бажаруларeб къагIидаялъ ралъдал гьварилъи цIикIкIунеб букIин. Атлантическияб океаналъул акваторалда гьелъул гьварилъи цо-цо бак1алда бахуна I-2 километралде. Гольфстрима хIорил пропускалъул бажари цIикIкIиналъул хIасилалда ралъдал лъел температура Норвегиялъул ва Севернияб Ледовитияб океаналъул западалъул районазда гIемерго цIикIкIана. Гьелъул хIасилалда Севернияб полушариялда хехго хисана климат, гьеб хинлъулеб буго. Югалъул хIайванал ва хIутI-хъумур унел руго Севералдехун нус-нус километралъ. Ахириял саназда хехго риунел руго Европаялъул, Альпаялъул, Кавказалъул ледникал, гьединго Грелландиялъул ва Антрактидаялъул цIоролал мугIрул.

# Гигиена и здоровье школьника

Это приводит к размножению различных болезнетворных микроорганизмов, на коже могут появиться ранки и гнойники. Поэтому ежедневные водные процедуры — обязательное правило для каждого ребенка.

Особе внимание следует уделять чистоте рук. Известно, что наибольшее количество вредных микробов и бактерий находится под ногтями, чуть меньше — на кожном покрове рук. Более того, под ногтями могут быть яйца гельминтов, которые попадают туда с шерсти животных или с мест общего пользования. Поэтому очень важно своевременно стричь ногти, а также чистить их специальной щеткой. Руки рекомендуется мыть, обязательно используя мыло, по несколько раз в день: перед едой, после улицы или школы, после похода в магазин или в туалет, после игр с животными. Ноги желательно мыть перед ночным отдыхом. Очень важным пунктом в личной гигиене школьника является регулярная смена нательного белья, одежды, носков, колготок. Поскольку дети постоянно находятся в движении, то совершенно справедливо, что одежда быстро пачкается. Чтобы избежать возникновения раздражения кожи или высыпаний, для детей нужно выбирать нательную одежду из натуральных тканей, например, из хлопка.

Чтобы ребенок рос здоровым и бодрым, чтобы его организм нормально функционировал, чтобы у него было всегда прекрасное настроение, он должен знать основные правила гигиены для школьников, которые заключаются в следующем. Первое правило личной гигиены — ежедневное умывание. Ребенок должен сам помнить об этом пункте и выполнять его добровольно несколько раз в день. Во время утреней процедуры школьник должен промыть носовые проходы от накопившейся за ночь слизи. Это позволит уничтожить болезнетворные микроорганизмы, которые могли попасть в носоглотку за прошедшие сутки. После улицы или школы детям рекомендуется во время умывания использовать мыло, которое поможет устранить бактерии, вирусы или грибок, которые могли попасть на кожу в общественном месте. Второе правило: мытье рук. К тому же, чем чаще ребенок будет выполнять это правило, тем лучше. Третье: чистка полости рта. Ежедневно, не менее двух раз, ребенок должен чистить зубы щеткой, используя зубную пасту. При этом важно, чтобы зубная щетка была подобрана правильно: не стоит использовать слишком жесткую щетину, поскольку она может ранить слизистую десен, и лучше отказаться от слишком мягкой щетки, поскольку она не способна хорошо вычистить зубной налет и остатки еды. К тому же вода должна быть теплой во время чистки зубов, поскольку слишком холодная или горячая вода разрушает зубную эмаль. Ребенка нужно учить пользоваться зубной нитью, которая помогает удалить остатки еды между зубами. Важно также после каждого приема пищи полоскать рот, используя теплую воду.

Поскольку гигиена и здоровье школьника зависит в основном от родителей и педагогов, то именно они должны прививать гигиенические навыки. При этом между ними должно быть тесное сотрудничество. Для того чтобы дети лучше усвоили правила гигиены, взрослые должны доходчиво объяснить их смысл и значение, а также рассказать о возможных рисках в случае невыполнения этих правил. Школьники охотнее выполняют гигиенические процедуры, если родители показывают правильный пример и ежедневно придерживаются тех же инструкций. Также взрослые должны показывать, как правильно выполнять ту или иную процедуру до тех пор, пока ребенок не усвоит ее (например, расчесывание волос, мытье рук и ног, умывание, чистка зубов и прочее)

Приучать детей выполнять гигиенические процедуры нужно ежедневно в одно и то же время, не нарушая режима дня. При этом приветствуется поощрение за выполнение или разумное наказание за невыполнение этих процедур. Гигиена и здоровье ребенка зависит и от чистоты в доме, где он проживает.

**Г. САЙПУЛАЕВ.**
**Врач стоматолог.**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация МО «Унцукульский район»**

**Главный редактор**
**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**Унцукульский район пос. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**

**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**368940**

**Адрес издателя и типографии**
**г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21**

**Подписано в печать 16. 3.17 г. 19. 30 фактически -18. 40 мин.**

**Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках**
**Тираж - 1000 экз.**